

KISA POU FE SI LAPOLIS VINI ARETE W LAKAY OU

1. Si lapolis vini frape lakay ou epi yo mande pou yo antre, si yo pa gen yon manda ki siyen pa you Jij, ou pa oblije kite yo antre.
2. Fok mwen ka di nou, si gen ijans, (kom kwa gen moun andedan kay la kap rele anmwe oswa lapolis ap kouri deye you moun) lapolis ka antre lakay ou e fouye san li pa menm gen you manda.
3. Si lapolis arete w, lapolis la ka fouye w epi nan zon kote li arete w la. Si ou nan you kay, yo ka fouye andedan pyes kay la.
4. Nou tout apresye le lapolis fe travay li byen, men fok nou konnen dwa ak responsabilite nou le nou anafe ak lapolis. Tout moun, menm ti moun tou, gen dwa pou lapolis trete yo ak koutwazi epi respe.
5. Si lapolis vyole dwa w, tanpri pinga ou fe diskisyon ak you kote ensidan an fek rive a. Kou ensidan an fin pase, al pran you avoka oswa fe you plent nan you let.

Pou plis enfomasyon, kontakte:

ACLU of Florida

4500 Biscayne Blvd., Suite 340,

Miami, Florida 33137

(305) 576-2336



Ki Sa Pou Fe Si Lapolis Kanpe Ou

Pale ak polites e respe. Pa janm di yo betiz. Kontwole emosyon ou, rete trankil, veye tou sa wap di ak sa wap fe. Pa tonbe nan fe diskisyon ak lapolis. Pa bliye, tou sa ou di oswa ou fe pral sevi kont ou nan tribinal. Mete men w yo you kote ke polis la ka we yo. Pinga ou kouri. Pinga ou touche lapolis la. Pinga ou reziste menm le ou konnen ou pa koupab. Pa plenyen bay polisye yo oswa pinga ou di yo: sa yap fe a pa bon, mwen pral pote plent pou yo. Pa bay polisye yo okenn rapo sou sa kite pase. Kou yo di yo arete ou, mande yon avoka. Sonje kat idantifikasyon polisye a ak nimewo plak machin li a. Tout ti detay ou sonje, ekri yo san pedi tan. Chache tout temwen kite la, pran adres yo ak telefon yo. Si ou blese, pran foto tout mak ou gen sou ou; you sel bagay se pou ou ale lakay dokte anvan. Si ou ta santi ke lapolis vyole dwa ou, ou ka pote plent kont lapolis yo. **KENBE KAT SA YON KOTE OU KA WE FASIL! SI OU TA VIN ANAFE AK LAPOLIS, OU KA PWOTEJE W.**

KISA POU FE SI LAPOLIS KANPE W POU POZE W KESYON

1. Lapolis gen dwa pou kanpe w si yo sispek ou mele oswa ou sot fe yon krim. Ou dwe bay non ou, adres ou, e rezon ki fe ou nan la ri, ki kote ou prale, yo ka kenbe w jiska 2 ze de tan san yo pa arete w.
2. Si lapolis sispek ou gen zam sou ou, yo gen dwa fouye w san yo pa retire rad sou ou. Pinga ou reziste. Men ou gen dwa pou di yo, ke ou pa asepte ou fouye m lot jan.
3. Mande lapolis eske lap arete w. Si l arete w, ou gen dwa konnen pou ki rezon.
4. Pinga ou joure lapolis oswa pinga ou pran kouri, menm le ou konnen ke sa lapolis ap fe a pa korek. Si ou fe bagay sa yo, kounye a ou ba yo avantaj pou yo arete w e mete w nan prizon.

KISA POU FE SI LAPOLIS KANPE W PANDAN OU NAN MACHIN OU

1. Depi yo mande pou lisans ou, rejistrasyon machin nan, ak prev asirans; tanpri montre lapolis la pyes sa yo. Pafwa lapolis gen dwa pou yo fouye machin nan, menm le yo pa gen otorizasyon tribinal depi yo gen yon rezon kle. Pou ka pwoteje ou menm pita, ou gen tout dwa pou di lapolis, ke ou pa dako yo fouye machin nan. Dapre la lwa, lapolis pa gen dwa arete w senpleman paske ou pa dako pou yo fouye machin ou.
2. Si yo ba w yon tike, ou dwe siyen l; si ou pa vle siyen l, ou bay lapolis yon rezon pou arete w. Mwen ta renmen w sonje, ou toujou gen dwa pou al plede koz la nan tribinal pita.

3. Si lapolis sispek ou tap bwe alkol (tafya) epi wap kondi (DWI) si ou refize pou yo fe tes san w, pipi w, oswa souf ou, lapolis gen dwa pou li sispan lisans ou.

KISA POU FE SI LAPOLIS ARETE W OSWA YO MENNEN W NAN STASYON LAPOLIS

1. Ou gen tout dwa pou pa pale ak lapolis toutotan ou pako pale ak you avoka. Selman di lapolis la non w ak adres ou. Pinga w bay ni eksplikasyon, ni eskiz, pa eseye rakonte sak te pase. Si ou bezwen fe defans ou, ou ka fe sa pita ansanm ak avoka w nan tribinal.
2. Mande pou ka we yon avoka touswit. Si w pa gen lajan pou peye yon avoka, ou genyen dwa pou yo ba ou youn. Pinga ou bliye pou mande lapolis la, kouman pou m fe pou m ka kontakte you avoka. **Pinga ou di anyen toutotan ou pa pale ak you avoka.**
3. Apre yon tan le yo fini arete w, ou gen tout dwa pou ka fe yon kout telefon: swa a yon avoka, swa a you moun ki pou peye kosyon pou ou, you paran oswa nenpot lot moun ou vle. Pran prekosyon ak sa wap di paske lapolis ka anrejistre e tande sa wap di, menm le ou pa we yo.
4. Gen kek fwa yo kapab lage w san ou pa peye kosyon oswa yo kapab pran you ti vale tou piti kom kosyon. Li pi bon pou fe avoka w la mande jij la pou pa peye oswa si li pa dako di li mande Jij la pou peye you ti kras kob. Si yo arete w nan jodi, nan demen fok ou ka paret devan yon Jij. Pinga ou pran oken desizyon sou akizasyon lapolis fe kont ou, toutotan ou pa pale ak yon avoka.

KISA POU FE SI LAPOLIS KANPE W POU POZE W KESYON

1. Lapolis gen dwa pou kanpe w si yo sispek ou mele oswa ou sot fe yon krim. Ou dwe bay non ou, adres ou, e rezon ki fe ou nan la ri, ki kote ou prale, yo ka kenbe w jiska 2 ze de tan san yo pa arete w.
2. Si lapolis sispek ou gen zam sou ou, yo gen dwa fouye w san yo pa retire rad sou ou. Pinga ou reziste. Men ou gen dwa pou di yo, ke ou pa asepte ou fouye m lot jan.
3. Mande lapolis eske lap arete w. Si l arete w, ou gen dwa konnen pou ki rezon.
4. Pinga ou joure lapolis oswa pinga ou pran kouri, menm le ou konnen ke sa lapolis ap fe a pa korek. Si ou fe bagay sa yo, kounye a ou ba yo avantaj pou yo arete w e mete w nan prizon.

KISA POU FE SI LAPOLIS KANPE W PANDAN OU NAN MACHIN OU

1. Depi yo mande pou lisans ou, rejistrasyon machin nan, ak prev asirans; tanpri montre lapolis la pyes sa yo. Pafwa lapolis gen dwa pou yo fouye machin nan, menm le yo pa gen otorizasyon tribinal depi yo gen yon rezon kle. Pou ka pwoteje ou menm pita, ou gen tout dwa pou di lapolis, ke ou pa dako yo fouye machin nan. Dapre la lwa, lapolis pa gen dwa arete w senpleman paske ou pa dako pou yo fouye machin ou.
2. Si yo ba w yon tike, ou dwe siyen l; si ou pa vle siyen l, ou bay lapolis yon rezon pou arete w. Mwen ta renmen w sonje, ou toujou gen dwa pou al plede koz la nan tribinal pita.

3. Si lapolis sispek ou tap bwe alkol (tafya) epi wap kondi (DWI) si ou refize pou yo fe tes san w, pipi w, oswa souf ou, lapolis gen dwa pou li sispan lisans ou.

KISA POU FE SI LAPOLIS ARETE W OSWA YO MENNEN W NAN STASYON LAPOLIS

1. Ou gen tout dwa pou pa pale ak lapolis toutotan ou pako pale ak you avoka. Selman di lapolis la non w ak adres ou. Pinga w bay ni eksplikasyon, ni eskiz, pa eseye rakonte sak te pase. Si ou bezwen fe defans ou, ou ka fe sa pita ansanm ak avoka w nan tribinal.
2. Mande pou ka we yon avoka touswit. Si w pa gen lajan pou peye yon avoka, ou genyen dwa pou yo ba ou youn. Pinga ou bliye pou mande lapolis la, kouman pou m fe pou m ka kontakte you avoka. **Pinga ou di anyen toutotan ou pa pale ak you avoka.**
3. Apre yon tan le yo fini arete w, ou gen tout dwa pou ka fe yon kout telefon: swa a yon avoka, swa a you moun ki pou peye kosyon pou ou, you paran oswa nenpot lot moun ou vle. Pran prekosyon ak sa wap di paske lapolis ka anrejistre e tande sa wap di, menm le ou pa we yo.
4. Gen kek fwa yo kapab lage w san ou pa peye kosyon oswa yo kapab pran you ti vale tou piti kom kosyon. Li pi bon pou fe avoka w la mande jij la pou pa peye oswa si li pa dako di li mande Jij la pou peye you ti kras kob. Si yo arete w nan jodi, nan demen fok ou ka paret devan yon Jij. Pinga ou pran oken desizyon sou akizasyon lapolis fe kont ou, toutotan ou pa pale ak yon avoka.

KISA POU FE SI LAPOLIS VINI ARETE W LAKAY OU

1. Si lapolis vini frape lakay ou epi yo mande pou yo antre, si yo pa gen yon manda ki siyen pa you Jij, ou pa oblije kite yo antre.
2. Fok mwen ka di nou, si gen ijans, (kom kwa gen moun andedan kay la kap rele anmwe oswa lapolis ap kouri deye you moun) lapolis ka antre lakay ou e fouye san li pa menm gen you manda.
3. Si lapolis arete w, lapolis la ka fouye w epi nan zon kote li arete w la. Si ou nan you kay, yo ka fouye andedan pyes kay la.
4. Nou tout apresye le lapolis fe travay li byen, men fok nou konnen dwa ak responsabilite nou le nou anafe ak

Ki Sa Pou Fe Si Lapolis Kanpe Ou

Pale ak polites e respe. Pa janm di yo betiz. Kontwole emosyon ou, rete trankil, veye tou sa wap di ak sa wap fe. Pa tonbe nan fe diskisyon ak lapolis. Pa bliye, tou sa ou di oswa ou fe pral sevi kont ou nan tribinal. Mete men w yo you kote ke polis la ka we yo. Pinga ou kouri. Pinga ou touche lapolis la. Pinga ou reziste menm le ou konnen ou pa koupab. Pa plenyen bay polisye yo oswa pinga ou di yo: sa yap fe a pa bon, mwen pral pote plent pou yo. Pa bay polisye yo okenn rapo sou sa kite pase. Kou yo di yo arete ou, mande yon avoka. Sonje kat idantifikasyon polisye a ak nimewo plak machin li a. Tout ti detay ou sonje, ekri yo san pedi tan. Chache tout temwen kite la, pran adres yo ak telefon yo. Si ou blese, pran foto tout mak ou gen sou ou; you sel

